**Pasterizatsiya** degende $100^{O}$ S da ha`m onnan to`men temperaturada islew beriw aytıladı. Sterilizatsiyalawdan maqset: tek konserva bankadag`ı barlıq mikroorganizmlerdi o`ltiriw emes, al saqlaw waqtında 1piwayı sharayatta rawajlanatug`ın ha`m konservalardı buzatug`ınların joq etiwden ibarat. Mikroorganizmlerdin` bir tu`rleri mısalı: qamıs yamasa kartoshka palochkası konservalarda rawajlanbaydı ha`m olar qa`wipsiz bolıp esaplanadı. Solay etip sterilizatsiya protsesinde tek konservalardı buzatug`ın mikroorganizmler yamasa patogenli (kesillik payda etiwshi) ha`m toksigenli (za`ha`rleniwge alıp keliwshi) formaların joq etiw esaplanadı.

**Sterilizatsiyadag`ı protsesslerdin` parametrleri.**

Azıqlıq o`nimlerdi germetik taralarda ıssılıq sterilizatsiyası ja`rdeminde konservalang`anda belgili waqıt o`tkennen keyin ısıwına alıp keledi. Konserva bankalardı sterilizatsiyalawshı apparatqa salıp keyin temperatura aste-aqırınlıq penen ko`terip ha`m onı belgili shegerag`a shekem aparıp qoyıwı **sterilizatsiya temperaturası** delinedi. Kerekli temperatura belgili waqıt dawamında uslap turıp,

keyin a`ste-aqırınlıq penen tu`siriledi ha`m sterilizatsiyalang`an bankalardı apparattan aladı.

Sterilizatsiyalaw protsessin xarakterlewshi tiykarg`ı parametr-bul temperatura esaplanadı ha`m onı sterilizatsiya apparatında ko`terip, belgili mu`ddet uslap turıw kerek. Bul w parametr mikrobiologiyalıq esaplanadı, sebebi olar menen mikroorganizmlerdın` nabıt boliwi anıqlanadı. Tiykarg`ı konservalardı 120$^{O}$ S da toyıng`an suw puwının` basımı 0,1 MPa dı qurawı kerek.

**Sterilizatsiya temperatura tan`law.** Barlıq konservalang`an azıqlıq o`nimler mikroorganizmlerdin` rawajlanıwı ushın bir qolay azıqlıq ortalıg`ı bolıp esaplanadı. Biraq ha`mme o`nimlerde mikroblar birdey sharayatta rawajlana bermeydi, sebebi olar aktiv kislotalı ortalıqta ju`da` sezgir ha`mm ko`pshiligi olardın` bul ortalıqta jaqsı rawajlana almaydı, biraq az kislotalı o`nimlerde jaqsı ha`reket etedi. Ja`nede o`nimlerdegi kislotalardın` ta`sir etiwin ku`sheytiw ushın qızıw waqtı ku`sheytiriledi. Sonın` ushın da kislotalı o`nimlerdi ıssılıq penen sterilizatsiyalawda mikroblar tez o`ledi. Az kislotalı o`nimlerde mikroorganizmler jaqsı rawajlanadı ha`m ıssı temperaturag`a turaqlı boladı. Bunda kislotalı o`nimlerde mikroblar ıssılıqqa shıdamlı ha`m 100$^{O}$ S dan joqarı 110-120$^{O}$ S temperaturada sterilizatsiyalaw kerek.

Sonday qılıp sterilizatsiyanı waqtinı azıqlıq o`nimlerdegi aktiv kislotlıg`ına qarap tanlawg`a boladı. Aktiv kislotalıqtı vodorodlı ko`rsetkish pH penen o`lsheydi, en` neytral ortalıg`ı pH - 7 ge ten`, al 7 den joqarg`ı ko`rsetkish: siltili ortalıq, al 7 den to`meni: qıshqıl bolıp esaplanadı.

Ja`nede barlıq konservalanatug`ın o`nimler pHı u den to`men ko`rsetkish penen xarakterlenedi. Eger azıq o`nimlerdın` kislotalıg`ı pH 4,2 ten joqarı bolsa az kislotlı esaplanıp, 100$^{O}$S joqarı temperaturada sterilizatsiyalaw kerek. Az kislotalı konservalarg`a 100$^{O}$S tan joqarı temperaturada (110-120$^{O}$S) sterilizatsiyalaq talap etiledi, olarg`a barlıq go`shli ha`m go`shli-o`simlik konservaları, balıqlı, natural ovoshlı, ovoshlı soklar, tomatlı, ovoshlı salatlar kiredi. Al kislotalıg`ı to`men barlıq miyweli konservalar-kompotlar, soklar, djemlar, povidlo, varen`e ha`m ovoshlı marinadlar 100$^{O}$ S temperaturada sterilizatsiyaladı.

**Sterilizatsiya waqtın anıqlaw.** Bunda konserva bankalardı qaysı waqıtqa shekem ıssılıq kerekli ko`rsetkishke jetkenge shekem aralıqtı sterilizatsiyalaw waqtı dep aytıladı. Bul waqıtta ısıtıw waqtı yamasa o`nimnin` tu`bine shekem ıssılıq o`tiw waqtı tu`sininedi. Issılıq o`nimdegi mikroorganizmlerdın` jaylasqan tochkasına shekem belgili waqıt ishinde barıp mikroorganizmlerdi joq etse, bunday waqıt o`lim  yamasa letal`nıy waqıt delinedi. Sonday qılıp ulıwma sterilizatsiya waqtı 2 faktordan quralg`an: ıssıfizikalıq ha`m mikrobiologiyalıq.

## II.2. Miywe ha`m chereshyanı saqlaw texnologiyası

Miywe ha`m ovoshlar adam organizmi ushın u`lken a`hmiyetke iye. Olardan jen`il sın`imli bolg`an qant, organik kislotalar, pektin zatlar, vitaminler ha`m mineral zatlardın` ko`pligi azıqlıq a`hmiyetin ja`nede artıradı. Miywe-ovoshlardın` pisip jetiliwi menen birikpeler mug`darı kemeyedi, bul bolsa vitaminlerdin` kemeyiwine alıp keledi. Miywe ju`zimler  quramında jetiliw waqtında bir qatar o`zgerisler ju`z beredi. !sirese olarda qant mug`dorı ko`beyip, kislota kemeyip qaladı. Bul o`zgerisler ha`mme miywelerde ha`r qıylı keshedi. M1selen, ayrım miywelerde-alcha, chereshnya ha`m kislota mug`dorı kerisinche artadı. Miyweler piskende olardın` quramında pektin ha`m oshlovshi zatlar kemeyedi. Vitaminler miywelerdin` pisiw da`wrinde ko`beyedi [15,16,17].

Miyweler pisiwi menen olardın` tuqımlarında suw mug`darı kemeyedi ha`m qabıg`ı qalın`lanıp qon`ır yamasa jiger ren` tu`ske kiredi. Miywe pisgende ximiyalıq quramının` o`zgeriwi morfologik ha`m anatomik belgilerdin` o`zgeriwine ha`m alıp keledi.

Tolıq pispey terip alıng`an miywe-ju`zimlerdin` shiresi kem, ren`i unamsız boladı. Olar biraz waqıt saqlag`annan keyin bu`risip qaladı. Miywe-ju`zimlerdi isletiw maqsetlerine qaray olardı teriw ha`m u`ziw mu`ddetleri belgilenedi.

Miywelerdi jaylastırıw usılı olardın` shıdamlılıg`ına ta`sir ko`rsetedi. To`gilgen halında jaylastırılg`an miyweler qatarlap terip jaylastırılg`anlarg`a qarag`anda jaman saqlanadı. Qag`azg`a oralg`an miyweler qırındıg`a oral`g`an

miywelerge qarag`anda jaqsı saqlanadı, qag`azda belgili mikroıqlım hasıl bolıp, ol saqlaw ushın bir qansha qolaylı.

Samang`a jaylastırılg`an miyweler tez buzıladı, sol sebepli ol sorbent bolg`anlıg`ınan tez dımıg`ıp qaladı. Shirigennen keyin iysi miywelerge o`tedi.

Saqlaw waqtında miywe sostavındag`ı kislotalar qantlarg`a salıstırg`anda tez bolinedi. Bunın` na`tiyjesinde qant ha`m kislotalardın` ko`lemi o`zgeredi. Saqlawdın` aqırına barıp, miyweler birqansha shirin, keyin kislotalar jog`alıwı na`tiyjesinde mazasız bolıp qaladı. Ambardag`ı temperatura qanshama joqarı bolsa kislotalardın` bo`liniwi tez o`tedi.

Kislotanın` bir bo`limi erkin, basqa bo`limi bolsa baylang`gan halda boladı. Sostavında kislotalar ko`p bolg`an miywelerde limon kislotası, sostavında kislotalar kem bolg`an miywelerde alma kislotası ko`p boladı. Onın` mug`darına qaray miywelerde, ortasha, ko`p ha`m ju`da` ko`p kislotalı toparlarg`a bo`linedi. Birinshi toparga-zemlyanika, almu`rt, 1njir, xurma; ikinshi toparg`a - alma. shabdal, shiye, ju`zim; ushinshi toparg`a-qa`reli, alsha, malina, krıjovnik; to`rtinshi toparg`a - smorodina, 1nar ha`m limon kiredi. Kam miywele pisken miywelerge qarag`anda kislotanı tez jog`altadı.

Saqlawda miwelerdın` shıdamlılıg`ı ha`m immunitetligi 18miyetli.

**Saqlaw dawirinde miywelerdin` dem alıwı.** Miyweler dem alg`anda sırtqı ortalıqtan kislorodtı jutıp, karbonat angidridti bo`lip shıg`aradı. Na`tiyjede qand, kislota, may, siltili birikpeler oksidlenedi, beloklar ha`m en` aqırg`ı o`nim karbonat angridrid bo`linedi, bunda m1lim mug`darı energiya ajıraladı. Miyweler jetile bergen sarı dem alıw kushi artıp baradı ha`m paydalanıw ushın jaraytug`ın da`rejede jetilgende joqarı boladı. Son` dem alıw pa`seyedi, bul miywenin` go`nergenin` ko`rsetedi. Saqlawda temperatura qansha to`men bolsa, dem alıw sonshama to`men boladı. Biraq 35-40$^0$ ten joqarı bolmasa dem alıw pa`seyedi, son` temperatura ko`beyiwi ha`m fermentlerdın` bo`liniwi na`tiyjesinde dem alıw protsesi pu`tkilley to`qtaydı.

eger miywe muzlag`an, biraq sostavındag`i suw suwımag`an bolsa, dem alıw dawam etedi. Mexanikaliq zıyanlang`an ha`mde kesellengen o`nim tez dem aladı.

Onın` joqarı qabatı ishki qabatına qarag`anda dem aladı. Dem alıw zu`r11tliktin` ta`biyg`ıy sostavına baylanıslı. Uzaq saqlana almaytug`ın miywe da`slep tez, son`ınan bolsa to`men, jaqsı saqlanatug`ın o`nim bolsa bir normada dem aladı.

Dem alıw waqıtında ajralıp shıqqan ıssıqlıq u`lken 1meliy 18miyetke iye. Ol ambarda m1lim temperatura ta`rtibini payda etedi. Sonın` ushın ambarlar ko`binese ısıtılmaydı, temperatura ko`terilse, bina samallatıladı. Miywe qanshama tez dem alsa. sonshama ko`p organik birikpeler sarplanadı ha`m ıssılıq ha`m sonsha ko`p ajıraladı. Bunday sharayatda miyweler tez jetiledi ha`m pisip ketedi. Dem alıw ha`m suwdı puwlatıw na`tiyjesinde awırlıq kemeyedi. Bulo`nimnın` ta`biyg`ıy kemeyiwi esaplanadı. eger alma, almu`rt ha`m ju`zimler $0^0$ ta ha`m hawanın` salıstırmalı na`mligi 90-95 protsent bolg`an sharayatta saqlansa, bunda miwelerdin` ta`biyg`ıy kemeyiwi pa`seyedi. Saqlawg`a onsha shıdamlı bo`wlmag`an paydanın` ta`biyg`ıy kemeyiwi saqlawg`a shıdamlı miywelerge qarag`anda ko`p boladı. Saqlaw tartibine muapıq, miwelerdın` ta`biyg`ıy kemeyiw da`rejesin pa`seytiw mu`mkin.

Miywelerni saqlawda temperatura 1xmiyetli orın ieleydi. en` qolay jag`day olardın` tonlaw awhalına jaqın turadı. Terilgennen keyin qanshama tez qolaylı sharayatqa qoyilsa, olar sonshama jaqsı saqlanadı. O`zgerip turıwshı ha`m naqolay temperatura jaman ta`sir ko`rsetedi. Bunday sharayatda o`nim kesellenedi ha`m tez buzıladı.

**Miywe-ovosh saqlanatug`ın saqlag`ishlar.** Miywe-ovosh saqlanatug`ın saqlag`ishlardın` bir neshe tu`ri bar. Ayırımların kurıw arzang`a tu`sedi, olar beyimlesken muzlatqıshsız boladı, basqalarında ayırıqsha muzlatıwı xanaları boladı. Lekin, ha`r qanday saqlag`ish izotermik bolıwı kerek.

Miyweler muzlatqıshlı saqlag`ishlarda jaqsı saqlanadı. Saqlag`ishlardın` ıssılıg`ı termometr ha`m hawanın` qosımsha ızg`arlıg`ı psixometr ja`rdeminde ku`zetiledi. Toplang`an mag`lıwmatlar jazılıpp kitapqa registratsiyalanıp barıladı. Onnan tısqarı bina ishi miywe qoyıw ushın tekshe ha`m qutılar ushın taglikler menen to`lıqtırıladı, samallatıw trubaları tayarlanıp qoyıladı.

Saqlag`ish maydanı miywelerdi saqlaw usılına qarap anıqlanadı. Miyweler piramida tu`rinde to`gip saqlanatug`ın bolsa, u`sh qabatlı belgili teksheler qoyıladı. Bul qabatlar arasında u0 sm, teksheler arasında jol q metr.

Eger zu`r11t qutılarda saqlansa olar taqlap qoyıladı. qutılarda taqlap qoyıw usılı ju`da` ko`p, olar tuwrı to`rt bu`rshekli, shaxmat usılında, ekewden, u`shewden, to`rtewden, besewden qılıp taqlanadı. Kartoshka ha`m basqa ovoshlar barhama ha`m waqtınshalıq saqlag`ishlarda saqlanadı. Awıldı jıl dawamında ovosh ha`m miywe menen b1rhama ta`miyinlew ushın xojalıqlarda saqlag`ishlar qurıwdı ken` jolg`a qoydı.

Kartoshka, ovosh ha`m miywelerdi saqlawg`a mo`lsherlengen saqlag`ishlar ko`plegen ta`ripleri boyınsha parq qılıp, olardan en` kerekleri to`mendegishe:

-maqsetli paydalanıw,

-rejenin` o`zgeshelegi,

-qurılıs 2 konstruktuktsiyalıq a`hmiyeti,

- saqlaw sharayatın ta`rtipke salıw jolları,

-o`nimdi jaylastırıw usılları,

- ko`teriw-tu`siriw jumisların mexanizatsiyalastırıw,

- ekonomikalıq ko`rsetkishler.

Miywe ovoshlardı ta`biyi samallatatug`ın 1piwayı saqlag`ishlar menen bir qatarda jasalma samallatatug`ın saqlag`ishlardan paydalanıw ken` ko`lemde qollanıladı. Olarda saqlaw ta`rtibinın` turaqlilı ta`minlenedi ha`m og`an qarap miywe ovoshlardı uzaq mu`ddet dawamında sapalı saqlawg`a erisiledi. Muzlatqıshlar tek iri awıl xojalıq ma`nzillerine emes, ba`lkim miywe ovosh jetistiretug`ın xojalıqlardan qurıladı.

Muzlatqıshlarda miywe ovoshlardı tek ıdıslarda jaylastırıw za`ru`r. Bunın` ushın to`mendegi ıdıslardan paydalanıladı:

1) kishi ko`lemli yashikler olar bos saqlanatug`ın o`nimler,ju`zim, da`neli miyweler, pomidorlardı saqlaw ha`m tasıw ushın paydalanıladı.

2) orta ko`lemdegi yashikler tuqımdı ha`m tsitrus miyweler ushın.

3) iri ko`lemli konteynerler, mexanik ta`sirlerge shıdamlı bolg`an miywe ovoshlardı saqlaw ha`m tasıw ushın isletiledi.

Muzlatqıshlarda miywe ovoshlardı saqlaw ushın jaylastırıw artıp tu`sirqalıw isleri 1melge asırıwda mexanizatsiyanı qollanıwda saqlaw paytında qol miyneti keskin kemeyedi ha`m jaqsı ekonomikalıq na`tiyjege erisiw imkoniyatın beredi.

## II.3. CHERESHNYADAN SIROP HA`M KOMPOT TAYARLAW TEXNOLOGIYaSI

Konserva o`ndirisinde siroptı tayarlaw ushin qanttan paydalanadi. O`ndiriske keletug`in qant – qurg`aq, saxaroza mug`dari 99,75% ten to`men bolmawi kerek, ku`ldin` mug`dari-9,93% ten artiq bolmawı, qant tolig`i menen suwda eriwi kerek. Qanttag`ı kristall ren`i aq –jiltir boliwi kerek. Qantti jgutli qaltada 50-60 kg salmaqta qaltalaydi. Qurg`aq jerlerde, xawa ig`allig`ı 70% ten artiq bolmag`an jerlerde saqlaydi.

**Texnologiyaliq protsess.** Qantti «Pioner» elegishte elep, magnitli separator arqali temir aralaspalardi alip, keyin o`lshep ha`m eki qabatli qazang`a salip u`stine ishimlik suw quyaıladi. Qantli siropti ha`r tu`rli kontsentratsiyada bir qansha jemisli konservalar: kompot, varen`e, djem, jele, tsukat, sok tayarlanadi. Konservalardag`ı qantli siroptin` kontsentratsiyasi to`mendegi kestede keltirilgen.

2 keste

Konservalardag`ı qantli siroptin` kontsentratsiyasi

| Konservalar | Qantli sirop, % |
|---|---|
| Djem, varen`e, jele, tsukatlar | 70-75 |
| Kompotlar | 25-43 |
| Shireli ha`m kupajlang`an sherbetler | 25-40 |
| Jemisli ishimlikler | 35-45 |

Siropta berilgen kontsentratsiya mug`dari qantta (S kg) ha`m (V kg) tayar o`nim ushın to`mendegi formulada aniqlanadi. $C = \frac{Aa}{100}$, V= A-S yamasa

V = A$(1 - \frac{a}{100})$ bunda A-siroptin` talap etiw mug`dari (kg), a-siroptin` konsentratsiyasi (%) te.

Qantli siroptin` ag`ariwi (jaqtilaniwi) – varen`e, kompot, jele ha`m tsukat tayarlawda en` tiykarg`ı texnologiyaliq usil bolip esaplanadi, al qalg`an jemisli konservalarda fil`trlew usinis etiledi.

Tayar siropta qanttin` massa u`lesin refraktometr j1rdemi aoqali yamasa tig`ızlig`ı boyinsha areometrde aniqlanadi.

Jemisli dietaliq konservalar ushin qanttin` ornina onin` zamenitellerden – sorbit ha`m ksilitten qollaniladi. Sorbitti tayarlaw ushin oni tazalap, 200-300 g massadag`ı bo`leklerge bo`ledi.

## II. 4. Chereshnyadan kompot tayarlaw texnologiyasi

**Kompot tayarlaw` texnologiyası.** Kompotlar dietalıq ishimlikleri esaplanadı. Olardın` sapası ha`m azıqlıq bahası shiyki zattın` tu`rine, sapasına, tayarlaw` texnologiyasına ha`m basqa bir qatar dereklerge tıg`ız baylanıslı. Sonin` menen birge miyw`e ha`m rezavor miyw`elerdın` sortı da a`hmiyetli orındı iyeleydi. Konserva tayarlaw`da olardın` konservalıq sortlarınan paydalaniw` kerek.

Jan`a u`zilgen, qaqlang`an, konservalang`an ha`m jan`a muzlatılg`an miyw`e ha`mde rezavor miyw`elerden sheker qosıp termosterilizatsiya ja`rdeminde alıng`an ta`biyi miyw`e konservaları kompot dep ju`ritiledi. Kompotlar paydalaniw` ushın tayar konservalar qatarına kiredi. Kompotlar derlik ha`mme miyw`e ha`m rezavor miyw`elerden o`z aldına yamasa aralastırıp tayarlanadı.

Kompot haqıyqıy aw`ırlıg`ının` 55-60% miyw`eler, qalg`anın suyıqlıq quraydı. Kompotlar 20-25% sheker, bahalı organikalıq kislota ha`m mineral zatlar, sonday-aq vitaminlerden ibarat boladı.

Kompot tayarlaw` ushın miyw`eler jan`a u`zilgen boliw`ı, ha`r tu`rli qara daqlar, mexanikalıq zıyanlaniw`lar ha`m kesellik belgileri bolmaw`ı kerek. Miyw`eler kompot islew`ge shekem ma`lim mu`ddet saqlanıwı mu`mkin. (Oripov R., Sulaymonov I., Umurzoqov E., 1991).

Qayta islew ka`rxanasinin` islep shig`ariw quwatina baylanıslı tu`rde alma miyweleri kompot tayarlang`ang`a shekem ka`rxana saqlag`ıshinda ma`lim mu`ddet saqlaniwi ham mumkin. Shiye ha`m chereshnya miywelerin bunday vaqıtlarda 1-1,5 oyg`a shekem saqlaw mumkin. Miyweler sortlanip sortlarg`a ajıratiladı. Keyin bolsa jaqsılap juwıladı. Juwilg`an chereshnya miyweleri da`neginen ajratilmastan kompot, blanshirlanmastan bankalarg`a jaylastiriladı. Chereshnya miyweleri bankalarg`a tıg`ız jaylastiriladı, bunda olardın` eziliwine ha`m mexanikaliq ziyanlaniwina jol qoymasliq lazım. Qant sherbeti sterilizatsiya waqtında issilik almasiwi, sonın` menen birge kompottin` da`min ha`m aziqalik bahalıg`ın birqansha jaqsılaydi. Chereshnya miywelerin konservalawda qant ornina suw yaki tabiiy sherbet (konservalang`an miywelerdin` sherbeti) saliw mumkin. Konserva sanaatinda sherbette qanttin` chereshnya ushın 60 protsentli kontsentratsiyalari qollanıladı. Sherbettin` temperaturası bankalarg`a quyiliwi aldinan 80°C dan kem bolmaslig`i lazım. Idıslar toldırılg`annan son` tıg`ız jabıladı.



8 suwret. Shiyenin` (Prunus serasus) Shpanka chyornaya sortı kompotı



9 suwret. Shiyenin` (Prunus serasus) Shpanka chyornaya sortı menen eriktin` assorti kompotı

bekitiledi.

Shiyki zattin` turine  ha`m ıdıstin` siyimina qarap 10 nan 35 minutqa shekem 100°C da sterilizatsiya qılınadı. Shiye ha`m chereshnya miyweleri 85-95°S da uzaq waqit pasterizatsiya qiliniwi lazım. Idıs ishindegi miyweler ezilip ketpesligi ushın ıdıs aqaba suwda tezde suwitiladı. Kompotti tayarlagannan son` 10-15 ku`ndan keyin ol paydalanıw ushın tayar halg`a keledi. Bul da`wirde sirop quramındag`i qant chereshya miywelerine o`tip, kompotqa o`zine ta`n da`m beredi, bir waqıttin` o`zinde Chereshnyanin` qirmizi ren`i bolsa sherbetke o`tip, og`an o`zine ta`n chirayli tovar ko`rinisin beredi (6,7-rasm).

Konserva zavodlarinda qurgaq chereshnya miywelarinen ham kompotlar tayarlanadı. Bunda chereshnyag`a har tu`rli miyweler aralaspasinan qosıp yaki bir tu`rdegi miywelerden kompot tayarlaw mumkin. Qurg`aq miywelerden kompot tayarlawda olar jaqsılap juwılıp, 15-20 minut pa`s otqa qaynatiladı, kaynatilganan son`, - qant, vanil` yaki limon tsedrasi salıp ja`ne 5-6 minut qaynatiladı. Chereshnya kompotlari a`dette hawanin` salistirma ig`allıg`ı 75% bolg`an arnawli saqlag`ıshlarda saqlanadı (Bo`riev X. Ch. ha`m basqalar, 2002).

## II.5. Miywelerden sherbet islep shig`ariw texnologiyasi

Konservalang`an miyw`e sherbetlerinde ha`mme azıqlıq zatları (sheker, kislota, mineral duzlar, vitaminler) jaqsı saqlanadı. Sherbetler quramında qant mug`darı 5-15%, organikalıq kislota mug`darı bolsa 0,3-3,0% ke shekem boladı.

*Miyw`e sherbetlerin* tayarlaw` texnologiyasına ha`m olardın` sapa ko`rsetkishlerine qarap tiykarınan u`sh tu`rge ajıratıladı: tınıq, qoyıw` (tındırılmag`an) ha`m qoyuw sherbetler.

Tınıq ha`m qoyuw sherbetler miyw`e ha`m rezavor miyw`eler tazalanıp juw`ılg`annan soң, ezilip ha`m presslenip alınadı. Sherbet aliw`da miyw`elerdi ezio`den aldın maydalanadı. Tuxımlı miyw`eler universal maydalag`ısh KDP-ZM ja`rdeminde, basqa miyw`eler arnaw`lı pıshaqlı maydalag`ısh penen maydalanıladı.

Chereshnya miywelerinen 65-75% ke shekem sherbet aliw mu`mkin (L.A.Trisvyatskiy I dr. , 1991; Buriev X.Ch, Jo`raev, 2002 ).

Sherbet aliw ushın chereshnya miyweleri da`slep arnawli mashinalarda yaki dush astinda juwıladı. Son`ra shnekli isitqichlarda sterillang`an, izbe-iz ornatilg`an eki tazalaw mashinasina tu`sedi. Da`slepki mashinada chereshnya miyweleri da`negigi ha`m qabıg`ınan tazalanip, kashag`a aylantiriladı. Ekinchi mashinada kasha diametri 0,5 mm li tesiklerden o`tkeriledi. Ayrım sherbetlerge arnawli ıdıslarda qantli sirop (sirop) qo`siladı. Tsentrifuga ja`rdeminde sherbet aqırg`ı qaldiq - iri qoyqalardan tazalanip, gomogenizatorda taza sherbetke aylantiriladı. Aqırında sherbet qizdırılip (50-60°S), deaeratsiya qılınadı (quramındag`ı kislorodi ketkiziledi), ıdıslarg`a salinip pasterizatsiyalanadi (7-rasm).

Amelde chereshnyadan tek tindırılg`an sherbetler en` ko`p islep shig`ariladı. Tindırılg`an sherbet aliwda deaeratsiya qiling`an chereshnya sherbeti arnawli vannada tindırıladı ha`m pasterizatsiyalanadi.

Sherbet shıg`ımını ko`beytiriw maqsetinde ezilgen chereshnya miyweleri biraz (80-85°S g`a shekem) isitiladı, bunda kletkanın` protoplazmasi koagulyatsiyalanadi ha`m kletka shiresi chig`imi ko`beyedi. Biraq bunda sherbettin` xo`shda`mligi biraz pa`seyedi. Sherbet shıg`ımın ko`beytiriw

maqsetinde muzlatiw, elektroplazmolizatsiya ha`m fermentler menen islewde qo`llanıladı. Muzlatilg`anda muz bo`lekcheleri kletka diywalını ziyanlaydi ha`m muz erigennen son` kletka shiresi an`sat ajıraladı.

Sherbet islep shig`ariwda turli tu`rdegi konstruktsiyali presslerden paydalanıladı. Mexanikaliq (basımı 4 kg/sm$^2$), gidravlikaliq press (bosımı 9-12 kg/sm$^2$) ha`m shnekli (ju`zim sherbetin aliwda paydalanıladı) presslegishler ken` tarqalg`an. Presslew bir neshe basqishta alıp bariladı. Da`slepki presslewde en` qimbatlı shire ajralip shig`adi. Keyingilerinde suw aralastirilip presslenedi.

Sortlawdag`i protsess – sherbetti tindırıw esaplanadı. Bunda sherbetnin` kolloid birikpelerin cho`ktiriw a`piwayı usıl – tindırıp qo`yiwdan paydalanıladı. Bul protsess uzaq waqıt dawam etip, tek iri sho`kpeleri tu`sedi. Sherbetlerdin` tiniwin tezleshtiriw maqsetinde mog`or zamarrıqlarinan yaki jelatin ha`m taninnen (qishqil birikpe) paydalanıladı. Tayar chereshnya sherbeti chereshnyaga ta`n toq qizil ren`de boladı.

Konserva zavodlarinda adsorbik qasiyetleri ku`shli bolg`an ılaylar (bentopitler) ken` qo`llanıladı. Asirese, tu`rli tu`rdegi fil`trlerden paydalanıw na`tiyjeli usıl esaplanadı. Bunda fil`trlew bir neshe ma`rte ta`krarlanadı. Mikroblar o`tpeytug`ın fil`trlerden o`tkerilgen sherbetti sterilizatsiylamasada boladı, bul bolsa sherbetnin` tabiy da`min ha`m xo`sh iyisligin saqlab qaladı (Bozorov T. ha`m basqalar 2009).

Ha`zirgi waqıtta ko`plegen konserva zavodlari sherbet islep shig`ariwg`a mexanizatsiyalang`an u`zliksiz tarmaqlar menen u`skenelengen.

Xa`zirgi ku`nde chereshnya sherbetleri zamanagoy u`zliksiz liniyalarda alinadi. Bunday liniyalar chereshnya sherbetlerin tiykarınan zamanagoy ekologiyaliq qawipsiz bolg`an qag`az-folga korobkalarg`a (Tetra-Pack) yaki zamanagoy shiysha ıdıslarg`a qadaqlawdi na`zerde tu`tadi. Bunday sherbetler ju`da` haridarbap, olardı saqlaw ha`m tasiw ju`da` qolay bolıwı menen bir qatarda olarg`a qadaqlang`an sherbetler uzaq mu`ddet ju`da` jaqsı saqlanadı (8-rasm).




**9-suwret. Sherbet islep shıg`ariwda мexanizatsiyalang`an u`zliksiz islew liniyası:**
1-juwıw мashinası; 2-ventilyatorlı keptitiw мashinası; 3-мaydalag`ısh; 4-transportyor; 5-shekli presslegish; 6-tindırıw eparatorları; 7-tındırg`ısh; 8-pasterizatsiya ha`m suwıtıw qurılması; 9-sherbetti saqlaytug`ın ıdıs; 10-separator; 11-pasterizator; 12-presslewshi filtr; 13-shiyshalarg`a jaylastirıwshı maslsma; 14-ju`klewshi мashina.

## II.6. Chereshnyadan murabba islep shig`ariw texnologiyasi

Chereshnya miywelarinen murabba tayarlaw, yag`nıy qant qosıp konservalaw xalqimizda ju`da` qadimden ma`lim. Chereshnya ha`m basqa miyweler, sonday-aq jemisli miywelerdi qayta islewde olarg`a qant qosıp konservalaw o`ndırıste ken` qo`llanıladı. Bunda qant ja`rdeminde ortalıqtın` osmotik basımı joqarı boladı. Natiyjede mikroorganizmler quramındag`i suw so`rip alinadi ha`m olar nabıt boladı. Qant qo`silg`an konservalaw usıli o`nimlerdi osmoanabioz u`sıli menen qayta islew nızamına tiykarlanadı (Bo`riev X. Ch., Jo`raev R., Alimov O., 2002).

A`melde Chereshnyanin` har qanday sortinan sapalı murabba tayarlaw mumkin. Tek bunda chereshnyalardın` suwlıliq da`rejesi, qantdarlig`i ha`m pisiklik da`rejesine qaray qant kontsentratsiyasin tu`wrı aniqlap aliw jeterli. Chereshnya miywelerin qant qosıp konservalawda qanttın` kontsentratsiyası 65% dan kem bo`lmaslig`i talab qılınadı. Bunday konservalardın` da`mi ha`dden tisqarı mazalı boladı. Sol sebepli olar konservalawda kemirek qant qosıp pasterizatsiya qılınadı. Bunda tayar o`nimnin` da`mi mazalıraq bolıp, qant astına sho`gip qalmaydi. Qant qo`silip pasterizatsiyalang`an konservalarg`a murabbadan tisqarı, sirop, marmelad, jem, shinni ha`mde basqalar ha`m kiredi.

Murabba miywe ha`mde qant siropinan tayarlang`an mazalı o`nim. Demek, chereshnya miywesi putin sirop boyınsha bir tu`rdegi taqsimlangan ha`m pu`tinliginshe bolıwı lazım.

Chereshnya murabbasın tayarlawda qant siropi menen miywe kletkasi shiresi ortasindag`i qatnasiqti basqariw a`hmiyetli esaplanadı. Bunda qant siropın miywe kletkasi so`rib aladı, sonin` menen birge kletka shiresi qant siropina shig`adi. Bul protsesstin` ten` bolıp o`tiwi murabbanin` sapasin belgileydi. Eger qant siropi miywenin` ishine bir tegis yaki ha`mme bo`limine kirip barmasa, miywe jen`il bolıp qaladı ha`m natiyjede murabbanin` berine qalqip shig`ip qaladı. Eger kletka shiresi ju`da` tez siropqa shig`ıp ketse, miywe burisip bujmayip qaladı.

Sonin`menen birge murabbanin` sapasi miywenin` sirtqı ko`rinisine, da`mine ha`m xo`sh iyisligine baylanıslı. Murabba tayarlanatug`ın chereshnya miywelerin` ha`dden tisqarı pisip ketiwi yaki pispegen bolıwı o`nimnin` da`mi ha`m xo`sh iyisligine unamsiz ta`sir ko`rsetedi.

Chereshnya miyweleri murabba tayarlaw ushın tayarlang`annan son` qatip qalmaslig`i ushın issi siropta 3-4 saat saqlanadı. Bunda miyweler qantin o`zine sin`dırıp aladı.

Chereshnya miywelerindegi murabba tayarlawda olardı da`neginen ajratiw ko`p qo`llanıladı. Bunday miyweler ju`da` ha`m sapalı ha`mde xaridarbap boladı. Biraq imkoniyat bar bo`lmag`anda chereshnyanin` da`negi menen ha`m murabba tayarlaw mumkin (Shaumarov X, Islamov S., 2011).

Chereshnyadan murabba tayarlawda 40-60% li qant siropidan paydalanıladı. Qant siropi arnawli qazanlarda tayarlanadı. Suw 50°S isi-tilgandan son` ma`lim mug`darda qant ko`shiladı. Tayar bolg`an eritmaga 100 kg esapidan 4 gramm aziq-awqat al`bumini yaki 4 dana mayektin` belogi qosiq kaynatiladı. Ma`yek belogi sheker siropın patasliqlardan jaqsı tazalaydi. Payda bolg`an ko`bik alıp taslanıp, sirop fil`trlanadı.

Murabba  arnawli qazanlarda yaki vakuum qurilmalarda qaynatiladı. Eger murabba uzaq pisirilse, miywe shiresi tezde siropqa aylanip, miywe danalarini bu`ristirip, g`awjiratip qoyadi ha`m murabbanin` ren`i ham tiniq bo`lmayi. Sonday bo`lmasligi ushın murabba bir neshe ma`rte pisiriledi. Har sapar sirop bir neshe minut (2-3, 4-8 minut) qaynatilip, soninan bir neshe saat (8-10-12 saat) ottan alıp qoyiladı ha`m suwitiladı. Sonınan siroptag`i sheker miywe ishine o`tip, olardı bujmastan saqlap qaladı.

Pisiriw waqtinda murabba u`stinde jiynalg`an ko`bik waqtı-waqtı menen alıp turiliwi lazım. Qaynatiw aqırında sheker siropının` jabisqaqligin asırıw ushın kraxmal siropı qo`sıladı (Bo`riev X. Ch., Rizaev R. M., 1996).

Sapalı chereshnya murabbası tayarlaw ushın onın` piskenligin tu`wrı aniqlaw a`hmiyetli esaplanadı. Tayar murabba siropi tamizilg`anda jayilip ketpeydi, sirop jipke u`qsap sozıluwshan boladı, pisken miywe ıdısının` betine

qalqimastan, tinig`ıraq tu`ske kirip, sirop ishinde bir tegis tarqalg`an boladı. Tayar murabbanın` qaynaw temperaturası 106-107°S atrapinda boladı. Sonın` menen birge murabbanin` piskenligin areometr yaki refraktometr ko`rsetkishlerine qarap aniqlaw mu`mkin.

Chereshnya murabbasında 70-75% kurg`aq birikpe boladı. Shiysha ıdıslarg`a salıng`an murabbalar qapqag`i tıg`ız bekitilip, 90°C da 25 minut pasterizatsiyalanadı. Shiysha ıdıslarg`a qadaqlang`an chereshnya murabbalari ju`da` ajayip ko`rinedi ha`m olar ju`da` xaridarbap boladı.

Murabbani qurg`aq ha`m salqin (10°S dan 15°S g`a shekem bolg`an temperaturada) jayda saqlaw u`sinis etiladı. Pa`s temperaturada saqlang`an murabba shekerlenip qaliwi mumkin.

Chereshnya jeterlishe kislotali bolg`anlig`i sebepli onın` murabbasında shekerlenip qaliw kuzetilmeydi. Sonin` ushın og`an limon kislotasi yaki limon sherbeti qo`siw zaru`rligi bolmaydi.

Eger chereshnya murabbası shala qaynatilg`an bo`lsa, birqansha mu`ddetten keyin aship, ko`biklene baslaydi (Oripov R. va basqalar, 1991).

## II.7. Chereshnya konservalarin saqlaw ha`m olarda ushırasatug`in buziliw tu`rleri

Chereshnyadan sheker qosıp tayarlang`an murabbalar ha`m olardın` basqa ıdıslardag`ı konservalarin sonday temperaturada saqlaw kerek, ondag`ı o`nim muzlamasin, yag`nıy 0 $^{0}$S dan pa`s bo`lmawı tiyis. Bunnan tisqarı tu`rli birikpelerdin` ximiyaliq, fermentativ emes birikpelerdin` o`z-ara ta`sir tezligi toqtap temperatura, yag`nıy 15 – 20 $^{0}$S dan aspaslig`i kerek. Hawanin` salıstırma ig`allıg`ı 75 protsent a`tirapinda bolg`ani ma`qul. Bul sharayatta temir banka ha`m qapqaqlardın` za`nglewi itimali kemeyedi.

Sterilizatsiyalang`an konservalardı saqlawda bombaj yaki qapqaqlardın` bo`rtiwi en` ko`p ushırasatug`in bu`ziliw esaplanadı. Bombajdin` biologiyaliq, ximiyaliq ha`m fizikalıq tu`rleri bar:

a) Biologiyaliq bombaj ıdıs qapqaqlarinin` tıg`ız jabilmaslig`inan yaki konservalardı jeterli da`rejede sterilizatsiyalamasliq aqibetinde ju`zege kelip, onda mikroorganizmler rawajlanadı ha`m gaz ajıraladı, bunday o`nim aziq – awqat ushın jaramsiz esaplanadı.

b) Ximiyaliq bombaj – kislotanin` ıdıstin` temir bo`limine bolg`an ta`siri natiyjesinde ju`zege keledi. Bunda vodorod ajralip shig`ip qapqaq bo`rtedi. Bombajdin` bul tu`ri ko`binese qishqıl miywe – jemisli konservada ha`m marinad-larda ku`zetiledı.

v) Fizikalıq bombaj – onın` kelip shıg`ıwinın` tiykarg`ı sebebi konservalardin` tonlawı bolıp, natiyjede ıdıstag`ı bar o`nim ko`lemi u`lkenlesedi ha`m qapqaq bo`rtedi. Sonday-aq, fizikaliq bombaj konservalardı tawli rayonlarda tasiwda ku`zetiledı. Sebebi ol jerdegı hawa atmosferasi basımı pa`s. Ximiyaliq ha`m fizikaliq bombaj ku`zetilgen konservalardan tek sanitariya – epidemiologiya xızmetkerleri ruxsatı menen paydalaniw mumkin.

Ashiw sterilizatsiyalaw waqtinda tiri qalg`an termofil bakteriyalardın` konservalarda rawajlaniwi natiyjesinde orın aladı. Bunda gaz ajralmasada kislotalar to`planiwi ku`zetiledı. Tiykarınan xaqiyqıy ovosh konservalari ha`m sherbetleri ashiydi. Bul bu`ziliwdin` ju`zege keliwine sebep asirese, shiyki zatti juwiw, tazalaw ha`m ag`artiriwdag`ı itibarsizliktan kelip shıg`adı. Ashig`an konservalar aziq – awqatga jaramsiz.

Sterilizatsiyalang`an konservalarda tu`rli qarayiwlar ku`zetiledı. Ju`da` joqarı temperatura ta`siri astinda yaki uzaq dawam etken sterilizatsiyalaw aqibetinde bankalardag`ı bar o`nimler qarayiwi mu`mkin. Bul xalat konservalardı 30 $^{0}$S dan joqarı temperaturada saqlawda ha`m ku`zetiledı. Qantlardın` karamelizatsiya protsesi, ıssı temperaturada qaliwi yaki qatip qaliwina alıp keledı. Konservalardın` vakuumsiz jabiliwi arqalı ıdıstin` joqarı bo`liminde qarayiw payda boladi. Bul jag`dayda qapqaq astinda qalg`an kislorod menen o`nimdegı qishqil ha`m basqa birikpeler oksidleniwi aqibetinde qara ren`li birikpeler ju`zege keledı (Bo`riev X. Ch., Jo`raev R., Alimov O., 2002).

## II.8. CHERESHNYANI MUZLATIW TEXNOLOGIYaSI

Chereshnya ko`p mug`darda muzlatılıp paydalanılatug`ın o`nim esaplanadı. **Muzlatıw** usılında miywe ha`m ovoshlar konservalanadı. Иshki temperaturası - 6-8 S bolg`an o`nimler muzlang`an esaplanadı. Bunday temperaturada mikroblardın` rawajlanıwı diyerli toqtaydı. Muzlatılg`an miywe ha`m ovoshlar quramı ta`repinen o`zgermegen halda uzaq mu`ddet saqlanıwı mu`mkin. Muzlatılg`an o`nimlerdin` kislotalıg`ı asadı, dubil zatlar mug`darı bolsa kemeyedi. Biraq ayırıqsha alıng`an muzlatılg`an o`nim jaqsı saqlanadı.

Muzlatıw tezligi o`nimnin` sapasına ta`sir etedi. 23 - 24 $^{o}$ S ha`m onnan to`men temperaturada tez muzlatılg`anda ju`da` mayda muz kristalları payda bolıp, olar muzlatılg`an o`nim strukturasın buzbaydı. Tez muzlatılg`an o`nim eritilgende onın` qa`siyetleri o`zgermeydi.

10 $^{o}$ S temperaturada a`ste aqırın muzlatılg`anda iri muz kristalları payda bolıp, olar o`nim kletkaların bo`leklep jiberedi ha`m bunday o`nim muzdan tu`sirilgende awırlıg`ı biraz jog`aladı.

O`nimler 18 – 25 $^{o}$ S qa deyin, ayırım 50 - 60 g`a deyin to`men temperaturada suwıtıladı. Bunda o`nim quramındag`ı suw muzlap, bioximiyalıq ha`mde mikrobiologiyalıq protsessler toqtaydı ha`m o`nim buzılmaydı. Muzlatıp saqlag`anda o`nimlerdegi biovitaminler ha`m basqa qımbatlı zatlar jaqsı saqlanadı.

Muzlatıw protsessi da`slepki waqıtta biraz intensiv boladı - 15 S ta o`nim quramı 79 % suw muzg`a aylanadı. Bunda kletka quramında suw emes ba`lki kletkalar aralıg`ındag`ı suw muzg`a aylanadı. Miywe ha`m ovoshlar muzlatıwg`a belgili ta`rtipte tayarlanadı.

Muzlatılatug`ın o`nimnin` sapası muzlatıw protsessinin` tezligine ha`m qanday usılda alıp barıwg`a qarap o`zgeredi. Muzlatıw 2 usılda: a`ste aqırınlıq penen ha`m tez muzlatıw usıllarına bo`linedi.

O`nim a`ste aqırınlıq penen o`nshelli to`men bolmag`an (-6 -10) temperaturada muzlatılg`anda, o`nimde iri muz kristalları payda boladı, olar muzlag`an o`nimnin` kletkaların bo`leklep jiberedi ha`m bunday o`nim muzdan

tu`sirilgende awırlıg`ı jog`aladı, yag`nıy aldıng`a halatına kelmeydi ha`mde sapası to`menleydi.

Tez muzlatıw 15 - 25 S temperaturada alıp barıladı. Tez muzlatılg`anda o`nim kletkalarındag`ı suw mayda muz kristalları halatına o`tedi. Bunday mayda muz kristalları muzlang`an o`nimnin` toqımaları strukturasın buzbaydı. Tez muzlatılg`an o`nimler eritilgende onın` qa`siyetleri o`zgermeydi, sherbeti kletkada qaladı.

Muzlatılg`an miywe ovoshlardın` sapası joqarı bolıwı ushın olardın` ayırımlarına muzlatıwdan aldın ıssılıq penen islew beriledi, yag`nıy blanshirlenedi. Blanshirlewden tiykarg`ı maqset, fermentler aktivligin to`menletiw.

Muzlaw ushın za`ru`r bolg`an suwıqlıq suwıtıw mashinasında payda etiledi. Suwıtıw bo`linbeleri suyıq freon (organikalıq birikpe) eki ammiak penen suwıtıladı. Muzlatıwdı tezletiw ushın ventelyator ja`rdeminde suwıq hawa jiberiledi. Muzlatıwdın` aqırında o`nimnin` temperaturası -18 S qa jetedi. O`nimler belgili bo`lmede saqlanadı. Muzlatıw u`sh ku`n dawam etedi.

Tez muzlatılatug`ın plitalı qurılma ammiak eki namakob aylanıp ju`retug`ın ishi bos plitalardan ibarat. Muzlatıwda miywe ha`m ovoshlar karton qutılarg`a yamasa tsellofan qaltashalarg`a salınadı ha`m qurılmanın` plitaları u`stine qoyıladı. Bunday qurılmada az mug`dardag`ı o`nimler muzlatıladı.

A`dette, ovosh -18 S da miyweler -12 S tan joqarı bolmag`an temperaturada 12 ay g`a deyin muzlag`an halında saqlanadı. Bunda hawanın` salıstırma ıg`allıg`ı 95 - 98% tan kem bolmawı kerek.

Miywe ha`m ovoshlardı suwıtıp saqlag`anda bir qansha o`zgerisler sa`dir boladı. Birinshiden olar quramındag`ı suw o`zgeredi, ekinshiden miywe ha`m ovoshlardı saqlawda olardag`ı kraxmal yamasa sheker mug`darı o`zgeredi. Muzlatıwda birinshi muz kristalları kletkalar arasında payda boladı. Jetilgen miywelerde protopektinden payda bolg`an pektin gidrofil qa`siyetine iye boladı. Ol erkin suwg`a baylanıstırıp, kristallar payda bolıwına tosqınlıq qılıwshı strukturanın` payda bolıwına alıp keledi.

O`nimdi muzlatılg`an halda saqlaw efir mayının` o`zgeriwbne alıp keledi.

Azıq awqat o`nimlaein muzlatıwda qollanılatug`ın tu`rlerdi u`sh tiykarg`ı toparg`a bo`liw mu`mkin.

1) Hawa ja`rdeminde muzlatıw;
2) Qaynap atırg`an suwıtqısh agentida muzlatıw;
3) Suyıq ortalıqta muzlatıw.

Muzlatıwdın` bull tu`rlerin eki jol menen a`melge asırıw mu`mkin boladı:

1) Kontaklı, qaysı bir o`nim tuwrıdan-tuwrı muzlatılg`an ortalıqqa jaylastırıladı.
2) Kontaksız yag`nıy o`nim muzlatıwdan aldın ıg`allıq o`tkizbeytug`ın na`rsege oralg`an boladı yamasa muzlatatug`ın ortalıqtan metall tosıq penen ajratılg`an boladı.

**Miywe ha`m ovoshlardı muzlatıw texnologiyası.** Ha`zirgi ku`nde ha`r tu`rli miywe ha`m ovoshlar muzlatıladı. Miywe ha`m rezavor miyweli sherbetler ha`m muzlatıladı.

Muzlatıw ushın keltirilgen miywe rezavor miyweler ovoshlarg`a da`slepki islew beriledi, yag`nıy juwıladı, mikroblardan tazalanadı, sortlarg`a bo`linedi, qırshıladı.

Ig`allıg`ı jog`altılıp onsheli u`lken bolmag`an ıdıslarg`a jaylastırılıp muzlatıwg`a jiberiledi.

Chereshnya miyweleri pu`tinley, alma ha`m almurtlar qabıg`ınan ha`m tuxım da`ninen tazalanadı: Yarım ay formasında kesiledi ha`m 3 - 5 minut 0,1 % askorbin kislota ha`m 0, 1 % as duzı saqlag`an eritpege salınadı. Son` olar 90 - 95 S temperaturalı suwda 3 - 5 minut blanshirlenedi, suwıq suwda suwıtıladı, qadaqlanadı, 40 - 50 % li sheker sirop salınadı, son` muzlatıladı.

# JUWMAQLAR HA`M USINISLAR

Pitkeriw qa`nigelik ju`mısı teması boyınsha to`plangan mag`lıwmatlarg`a tiykarlanip men to`mendegi juwmaqlarlar islewge boladı:

1. Awıl xo`jaliginda reformalardı teren`lestiriw ha`m awıl xojalıg`I o`nimleri menen xalqtı ta`miynlew, turmıs da`rejesin ja`nede ko`teriw ushın Prezidentimiz Pa`rmanlari ha`m Hu`kimetimizdin` agrar tarawındag`ı ba`rche qarorlarin islep a`melge asiriwg`a ken` mu`mkinshilkikler bar.

2. Chereshnyani respublikamizda qayta islew ushın to`mendegi sortlari en` joqarı samaraga yie esaplanadı: Podbel`skaya, Samarqant chereshnyasi, Lotovaya, Qora shpanka.

3. Jıyın terim da`wirinde chereshnya miywelerin uzaq turib qaliwig`a jol koymasliq ha`m olardı qisqa waqıt ishinde qayta islew tsexlariga kiritip jiberiw kerek.

4. Qayta islewde shiyki zatqa qo`jilatug`ın talablarg`a itibar qilinsa ha`m miywelerdi uzaq saqlanbastan qayta islense, tayarlang`an o`nimlerdin` sapası sonshamalik joqarı boladı.

5. Chereshnyaden ha`r turli konservalar aliwda jan`a zamanagoy texnologiyalardan paydalanip, qayta islengen o`nimlerdin` jan`a tu`rlerin ko`beytiriw bu`gingi bazar ekonimikaliq sharayatlarinda ju`da` a`hmiyetli.

6. Tayar konservalardı zamanagoy usıllarda qadaqlaw bu`gingi ku`n talabi esaplanadı.

## III Bap. INSAN XIZMETI QAWIPSIPSIZLIGI

**Elektr tog`ınan paydalanıwda texnika qawipsizligi.** Miynetti jen`illetiwi menen bir qatarda, adamnin` den`-sawlig`ına ha`m o`mirine ju`da ulken ziyan keltiredi. Basqa ziyanli derekler ishinen elektr tog`ı a`spapsiz uzaqtan aniqlap bolmaslig`ı menen ajiraladi. Elektr tog`ı menen jarahatlaniw ha`r qiyli sharayatlarda payda boliwi mumkin: aniq simlarg`a ha`m tok o`tkizgishlerge tiyiw, provodlardin` elektr izolyatsiyasi buzilg`aninda, u`skenelerdin` metall bo`limlerge tiygende, mumkin bolmag`an u`lken olshemdegi mashinalardi elektr o`tkiziwshi liniyalar astinan o`tiwinen.

Elektr qawipsizlik - bul sholkemlestiriwshi, texkaliq il1jlar katarina kiredi, izolyatsiyalawshi bo`limler adamlardi elektr tog`ı ta`sirinen saqlaydi.

Adam organizminen tok o`tiw n1tiyjesinde ximiyaliq, issiliq ha`m biologiyaliq ta`sir ko`rsetedi. Ximiyaliq t1siri n1tiyjesinde qan ha`m basqa organik suyiqliqlar bo`linedi, tarqatiladi.

Issiliq ta`sirinde denenin` ayrim orinlari ku`yip ketiwi m6mkin.

Elektr tog`ının` biologiyaliq ta`siri organizmlerdin` tiri kletkalarin ko`zg`aydi ha`m oyatadi, muskullardin` ma`jburiy 3isqariwi menen o`tedi (sudorojnoe). Elektr tog`ının` jarahatlaniwi na`tiyjesinde bir qansha sebepler ta`sir etedi ` tok ku`shi, adam denesinin` qarsilig`ı, ku`shleniw mug`dari, toktin` tu`ri ha`m chastotasi, tok joli, ta`sir etiw m6ddeti ha`m organizmnin` individual 3a`siyetleri (A.V.Lukovnikov, qoir).

Elektr tog`ınan jarahatlaniw 3a`wipi tiykarinan elektroqurilmalardi isletiw ortalig`ına baylanisli boladi. Elektr u`skeneleri tok o`tkeriwshi simlardin` ha`m tok o`tkeriwshi bo`limlerdin` joqari na`mlik ta`siri, agresssiv parlar ha`m gazlardin` turaqli ta`siri, agressiv parlar ha`m gazlar ta`sirinde izolyatsiya a`sten ashilip qaladi. Sirtqi ortaliqtin` joqari ig`allig`ı adam organizminin` elektr tog`ına qarsilig`ın kemeytiriledi. Sirtqi ortaliqtin` xarakterine qaray xanalardin` elektr qa`wipsizligi u`sh gruppag`a bo`linedi` joqari, qa`wpi bolmag`an, joqari qa`wipli ha`m j6da qa`wipli.

Joqari qa`wipli xanalar to`mendegi sha`rtlerdin` biri barlig`ı menen belgilenedi` pollardin` tok o`tkeriwshinen`ligi(metall, topraqli, betonli), ig`allig`ı (xanadag`ı salistirmali ig`alliq 75 % ten ko`p bolsa) yaki tok o`tkeriwshi shan`, hawanin` joqari da`rejesi (30 oC tan joqari).

Ju`da qa`wipli xanalar to`mendegi sha`rtlerdin` biri bar boliwi menen belgilenedi hawa na`mligi 100% ke jaqin, ximiyaliq aktiv ortaliq (kislota puwlari, siltiler), bir waqitta eki yaki onnan artiq joqari sha`rtler xanalarda bar bolsa.

Joqari qa`wpi bolmag`an xanalarg`a - joqari qa`wip alamatlari bolmag`an xanalar kiredi.

# PAYDALANILIG`AN A`DEBIYATLAR

1. Qishloq xo`jaligida islohotlardı teren`lashtirishga doir qonunlar va normaiy xujjatlar to`plami, 2-qism, Toshkent, 1998.

2. O`zbekstan Respublikasi Oliy Majlisida qabul qilingan qonunlar to`plami, Toshkent-“O`zbekstan”, 2006.

3. O`zbekstan Respublikasi xududida egiw ushın u`sinis etilgan qishloq xo`jalik ekinlari ma`mleket Reestri, Toshkent, 2001.

4. Bo`riev X. Ch., Rizaev R. M., Miywe uzum maxsulotlari biokimyosi va texnologiyasi.- Toshkent., - “Mehnat”, 1996.

5. Bo`riev X. Ch., Jo`raev R., Alimov O., Miywe ovoshlardı saqlaw va dastlabki qayta islew. Toshkent, “Mehnat”, 2002

6. Bozorov T., Qurbonov D., Mavlonova R., Qulmirzaev S. Miywe-ovosh va chorvachilik o`nimlarini qayta islew texnologiyasi, Toshkent, “Tafakkur”, 2009.

7. Jo`raev R., Alimov O. - Bozor iqtisodiyoti sharayatında qishloq xo`jaligi o`nimlerine tovar islew berish va reazilatsiya qilish, Toshkent, ToshDAU, 1999.

8. Mirzaev M.M., Sobirov M.K. Bag`dorchilik. Toshkent, “Mehnat”, 1987.

9. Oripov R., Sulaymonov I., Umurzoqov E. - Qishloq xo`jalik maxsulotlarini saqlaw va qayta islew texznologiyasi. Toshkent, “Mehnat”, 1991.

10. Ribakov A. A, Ostrouxova S. A., - O`zbekstan miywechiligi, Toshkent , “O`qituvchi”, 1981.

11. Rizaev R. M., Jo`raev R, -Miywelerdi teriw, tasiw va joylash, Toshkent, UzminTI, 1986.

12. Shaumarov X.B., Islamov S.Ya. Qishloq xo`jaligi o`nimlarini saqlaw va birlamchi qayta islew texnologiyasi. Amaliy va laboratoriya mashg`ulotlari o`tkeriw boyıcha o`quv qo`llanma. Toshkent, 2011.

13. Shirokov E. P., Texnologiya xraneniya i pererabotki plodov i овщiy s osnovami standartizatsiy, Moskva, Agropromizdat, 1988.

14. Shirokov E. P.,- Xranenie i pererabotka plodov i овощеу, Moskva, “Agropromizdat”, 1989.

15. Shirokov E. P.,- Xranenie i pererabotka produktsii rastenievodstva s osnovami standartizatsii, Moskva, “Agropromizdat” 2000.

16. Trisvyatskiy L.A., Lesik B.V.,Kurdina V.N. Xranenie i texnologiya sel`skoxozyaystvennix produktov. - M.,Kolos, qout.

17. Ermatov A., Isamuhamedov E., Mexnatni muhofaza qilish`/Darslik/. - T.`O`zbekiston”, 2002 - 384 b.